# Г.ТӘЖЕТДИНОВА ГҮРРИҢЛЕРИНИҢ ИДЕЯЛЫҚ - ТЕМАТИКАЛЫҚ БАҒДАРЛАРЫ

**Ктайбекова Зулфия Кенгесбаевна**,
*филология илимлери бойынша философия докторы (PhD),*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты,*
*Өзбекстан, Нөкис*

***Аннотация:*** Мақолада қорақалпоқ ҳикояларининг ғоявий тематик йўналишлари таҳлил қилинган. Тадқиқот объекти сифатида ёзувчи Г.Тажетдинованинг «Адираспан моншақлары» ҳикоялар тўпламидаги асарлари мисолида ўрганилган. Кундалик ҳаёт мавзусидаги ҳикояларида хотин қизлар турмушидаги воқеалар, она ва фарзанд, она ва келин, соф муҳаббат ва ҳ.к. масалалар мисоллар асосида ўрганиб чиқилган.
***Калит сўзлар:*** ҳикоя, мавзу, ёзувчи, мотив, деталь, муҳаббат, сюжет, эпизод.

***Аннотация:*** В статье анализируются идейно-тематические направления каракалпакских рассказов. В качестве объекта исследования были изучены произведения писательницы Г. Таджетдиновой в сборнике рассказов «Адираспан моншаклары». В его рассказах на бытовую тему жена рассказывает о событиях бракосочетания близнецов, матери и ребенка, матери и невестки, чистой любви и т. д. вопросы изучаются на основе примеров.
***Ключевые слова**:* рассказ, тема, писатель, мотив, деталь, любовь, сюжет, эпизод.

***Abstract:*** The article analyzes the ideological and thematic directions of Karakalpak stories. As an object of research, the works of the writer G. Tajetdinova in the collection of stories "Adiraspan monshaklary" were studied. In his stories on the topic of everyday life, the wife tells the events of the marriage of twins, mother and child, mother and daughter-in-law, pure love, etc. issues are studied on the basis of examples.
***Keywords:*** story, theme, writer, motive, detail, love, plot, episode.

Г.Тәжетдинова ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында бир қанша прозалық шығармалары менен кең жәмийетшиликке танылған. Ол 2016-жылы баспадан шыққан «Әдираспан моншақлары» атлы топламында «Гүмис сәўлели сырға», «Енши», «Мийрим», «Жақсылық», «Қатынлар қозғаланы», «Сарқыт», «Ҳешкимге айтпа», «Жазықсыз қулақлар» «Уқсас ат», «Видеоға түскен балық», «Бала тили пал» сыяқлы бир қатар гүрриңлери менен «Әдираспан моншақлары» атлы повестин жәриялаған. Аты аталған гүрриңлеринен «Гүмис сәўлели сырға», «Енши», «Мийрим», «Жақсылық» атлы шығармаларында күнделикли турмыс мәселелери сөз етилген.

Жазыўшының «Гүмис сәўлели сырға» атлы гүрриңиндеги ўақыялар Гүлназдың аўырып емлеўханаға түсиў эпизоды менен басланады. Үш улдың

ишинде жалғыз қызды анасы ҳеш кимнен кем қылмай камалға келтиреди. Гүлназ аўзындағысын алдыратуғын, босаң, өзлигинен сөйлемейтуғын натық жигит пенен турмыс қурады. Сол себепли шаңарақтың барлық аўырманлығын Гүлназдың мойнына түседи. Олар “Журт қатары гүрлеген хожалық болып кетемиз” деген жақсы нийет пенен жасап, үш перзентли болады. Қақаман суўықта желең кийим менен жүрип, аўыр жүк көтерип, зат сатқанлығы себепли Гүлназ наўқаслы болып қалады. Наўқастың жағдайының аўырласқанын билип, шыпакерлер үйине руқсат береди.

Гүлназ көз жумар алдында анасының әперген сырғасын қызы Жулдызға “Сен усыны тақ”, дегендей ишарат билдирип, берип кетеди. Хожалықтың аўыр машқаласы Пиржанға шөгеди. Оның балаларына қараўдың ебин таба алмай атырғанын сезген кеўли кең ана, күйеў баласын үйлендиреди. Деген менен бул ҳаял балаларына өз анасындай баўырман болмайды.

“...Напақасын да қосып алың. Анасының анасысаң, өзиң –ақ басынан сыйпа” деп ақлықларынан хабар алыўға келген Гүлназдың анасына балаларды ертип жибермекши болады.

“Жулдыз үлкейсе тағар, анасынан естелик” болған сырғасын да бермекши болып сандықтағы түйиншигин ашқанда, сырғаны таба алмай қалады.

Аманатқа қыянет етип ғана қалмастан, “Ийесине буйырмаған затты алып, мен не ҳәз табаман” деп ҳаял зилли сөйлеп, бийшара кемпирдиң зәҳәр гәпи менен шағып та алады. “Балалы үйдиң урлығы жатпайды” дегендей кишкене баласы: -Анаў күни кишем үйге келген бир ҳаялға көрсетип отырған екен” деп айтып қояды. Ҳаял сонда да озине шық жуўыртпайды.

Кемпир “Меннен ҳәм бетер болғайсаң” деп қызының үйиниң есигин қатты жаппай, тәрк етеди. Көп узамай ол келиншектиң соқыр ишектен көз жумғанын еситеди.

Кемпир ақлықларын бағыў ушын ҳәм сол үйдиң түтинин түтетиў ушын қызының үйине қайтып келеди.

Гүрриң ўақыяларының қызықлы сәўлелениўинде предмет детальлар өнимли қолланылған. Мысалы, сырға, түйиншик, есик детальлары. Жазыўшы бул детальларды пайдаланыў арқалы турмыс ўақыяларын кескин түрде өзгерип кетиўине тәсир жасайды. Мәселен, жас ананың қызына аманат етип қалдырып кеткен сырғасын өгей анасының жоқ етип жибериўи, және оның шыр-пыр болып өзин ақлаўы сюжетлик ўақыяның тәсирли ашылыўына түртки болады.

“Қатты жабылмаған есик“ деталы да талантлы жазыўшымыз тәрепинен жүдә орынлы қолланылған. Есикти қатты жаппаў – бул ақлықларының тәғдирин ойлап қайғырған ананың сол үйге қайтып келиўинен дерек береди. Тәғдирдиң қысыўмети менен ана қызының үйине қайта оралады.

Қазақ әдебиятының изертлеўшиси Г.Сатылханова деталь ҳаққында төмендегише пикирди билдиреди: “Деталь – жазыўшылық шеберликтиң критерийи, шешиўши шәрти. Деталь жоқ жерде турмыслық шынлықты көркемлеп жыйнақлаў, характер индивидуализациясы ҳаққында сөз болыўы мүмкин емес. Деталь таўып, таңлап алыў менен ғана жазыўшының таланты, өзинше өзгешелиги менен айрықша сөз мәниси сезиледи” [2.47]. Демек, көркем шығарма оқыўшыға тәсиршең, қызықлы түрде жеткерип бериўде детальдың хызмети айрықша.

Жазыўшы Г.Тәжетдинова “Енши” гүрриңинде де бир шаңарақтағы турмыс ўақыяларын сөз етеди. Шәрип ғаррының жақында салынған үлкен жайының екинши тәрепинен есик ашып баласы менен келининиң өз алдына жасаўы Райханның кеўлин езип жиберерлик дәрт болады. Жубын жойтқан Шәрип ғарры болса қызына бахыт тилеп, тәғдирине көнип, қызына баўыр басып қалады. Райханның анасы төрт жыл бурын дүньядан өтеди. Сол ўақытлары бул таза имарат салынып питкен еди. Анасы Улжан қайтыс болған соң әжағасы Бексултан тез-тез жәнжел шығарып, мазасын ала берген

соң, қулағы тыныш болыў ушын үйиниң екинши тәрепинен есик ашылады. Әжапасы Айымхан да Райхан сыяқлы мийримли емес, анасының Райханға еншиге берген сырғасын да, “көзге көринип, үлкейип қалған мениң қызыма бер сырғаңды, еле Райхан қызлы боламан дегенше алтын мут болып қалады”, деп анасының кеўлин қабартып алып қояды.

Арадан бир ҳәпте өткен соң әкеси Райханға бир түйиншикти береди, кемпириниң Райханға айтқан еншисин аларсаң дейди. Райхан илажсыз түйиншикти алады да, тез алтын сырға алып қояды. Бул әжағасы менен жеңгесине жақпайды ҳәм қазанын бөлеклеп алады.

Қоңсыларынан Сәнем кемпирдиң түсине Улжан енип, “қызымнан хабар ал”, -дейди. Сәнемниң хабар алғанына Райхан менен әкеси қуўанып қалады.

Анасы әрман еткен жақсы нийети барқулла күш-қуўат бағышлап, соған талпынып жасап, анасынан қалған естеликти ийесине жеткериўди ойлаған Райхан келешекке үмит ҳәм үлкен исеним менен қарайды. . “Заттық детальдың характер тәбиятын ашыў менен бирге, қаҳарман бойындағы моральлық-этикалық сыпатларды ашыўға мүмкиншилик беретуғын қәсийетке ийе” [2.161]. Гүрринде сырға, түйиншик сыяқлы бир неше детальлар ҳәм түс мотиви жазыўшы тәрепинен орынлы қолланылған. Шығарма қаҳарманларының характери усы предметлик детальлар жәрдеминде жақсы ашып берилген.

Г.Тәжетдинованың “Мийрим” атлы гүрриңинде бир жас қыздың тәғдири сүўретленген. Басқаларға уқсай бермейтугын бир қәсийетли – бәрқулла биринши болыўды қәлейтуғын, соған умтылып жасайтуғын қыз күтилмегенде аяқта жүриўден қалады. Оған ҳәмийше анасы бар меҳрин аямай қолқанат болады. Бийшара ананың қызының дәртине шыпа излеп бармаған жери қалмайды. Узақ емлениўи де нәтийже бермейди.

Ташкенттеги жоқары оқыў орныны питкерген қыздың сүўрет салыўға уқыбы бар еди. Усы талантын жоқары баҳалап анасы көргизбелер сарайына көргизбе де шөлкемлестирип те береди.

Дәртти жеңиў ушын сабырлы болыў керек. Россияның кайсы бир қаласына апарып 7 ай емлетип қайтады. Бәрибир бул да нәтйиже бермейди.

“... Еле қызың аяққа турып кетеди. Өзимиздиң елден тапқан дәртке усы жерден шыпа табасаң” деген достысының бир аўыз сөзи түртки болып, азмаз ақша топлап қызын жәнe емлетеди.

Қыз хәр күни айнадан сыртқа қарап отырады. Бир күни көшедеги адамлардың ишинен бир жигит дыққатын тартады. Усы бийтаныс жигит қыздың қыялын урлайды. Усы түртки болып, өмиринде күтилмеген жаңалық жүз берип, аяғы ҳәрекетке келе баслайды. Буны көрген шыпакерлер де хайран қалады.

Жүрегинде пайда болған муҳаббат ушқыны қыздың аяққа турыўына жәрдем береди. Дәслепки қәдемди атыўдан күтилмеген ўақыя жүз береди. Өзи унатқан бийтаныс жигит, сүйкимли бир хаял менен қапталласып кетип баратырғанын көреди. Сәл-пәл кеўли кейпияты түскени менен өзинде жоқ күшти инам еткен, сол жигитке қыз шексиз миннетдар болып қалады.

Жуўмақлап айтқанда, Г.Тәжетдинова шығармаларының идеялық-тематикалық мазмуны терең, әсиресе, гүрриңлери оқыған адамға эстетикалық заўық бағышлайды. Жазыўшының дөретиўшилигин, шығармаларын үйрениў изертлеп үгинги әдебияттаныў илиминиң әҳмийетли мәселелериниң бири.

**Әдебиятлар**

1. Тәжетдинова Г. Әдираспан моншақлары. – Нөкис, “Билим”, 2016.
2. Сатылханова Г. Қазақ новеллаларындағы детальдың көркемдік қызметі. Философия докторы (PhD) дәрежесін алу үшін дайындалған диссертация. Қазақстан Республикасы Алматы, 2019.